You bi small pikin if you neva reach 18 years

SMAL PIKIN WEY NO GET FAMILY FOR UK

# NA WETIN BI YOR RIGHT DEM?

## SOME BETA ADVICE AND PEPLE WEY FIT HELP YOU

European Union sef put money down

# YOU GET RIGHT TO TALK YOR MIND

You get right make dem find you pesin wey go dey explan everi tin for yor own language if English no bi yor mama language (di only tin be say, di pesin fit dey talk to you from phone). Wen dis pesin wey go talk yor language begin talk make sure say you undastand di pesin as e dey talk to you.

Profeshonal dem (police, lawya, pesin wey stand to fight for you, social wokers dem, charity wokers, judge, doctor dem etc) all of dem bi di kind peple you fit trust.

NO WASTE TIME TO ASK ABOUT YOR RIGHT DEM AND QUESHON DI TINS WEY YOU NO GREE ABOUT!

# MAKE YOU NO ALLOW FEAR CATCH YOU

## CHILDLINE

for difrent advice for smal pikin dem

**0800 1111**

free to call, you fit call any day or time and dem go keep di mata secret

or visit

http://childline.org.uk/

## DI PHONE NUMBA OF PESIN WEY DEM DEY USE LIKE SLAVE

to repot if pesin dey do you ogboju or suffer head

**0800 0121 700**

na free any time you call, dem dey dia everi day and dey go keep di mata secret

## PEPLE WEY DON LOST

For advice to pesin wey don lost or pesin wey run comot for house


Call or text

**116 000**

na free to call, you fit call any day or time and dem go keep di mata secret

To report a crime, or if you fear for your own or someone else's safety, call the police:

**999**





# NA WETIN POLICE FIT DO FOR YOU?

## ABOUT POLICE DEM

Police dem dey to help and make sure say you dey safe. Exampu, make you tell police if pesin dey give you problem, or want to wound you or dey by force you to do some tin wey you no want do or some tin wey dey bad.

Even if you don do bad bad tins befor dem NO go punish you for am, as na pesin force you to do am, even sef if di tin against law. Police dem fit ask you many queshons make you talk true when dem ask you o. If you like sef you fit ask make beta big person or pesin wey dey fight for you dey dia to help you when dem dey ask you queshons.

POLICE
999

## ABOUT LOCAL GOVMENT SOCIAL WOK

- Inside UK here, if dem see say bad tin fit do you or yor family no dey, say na only you dey here, dem go carri you give pesin wey dem dey call social woker.

- Dis pesin wok na to help you, give you house to stay and suport you. Dis na why e good make you talk true wit di social woker becos e go make am fit help you well and give you di care wey you need, becos e go don sabi your tori and di tins wey you go fit need.



# WETIN BE HUMAN TRAFFICKING SEF?

Pesin fit don dey use you or yor friends sef inside dis trafficking tin, wey bi say you no sabi sef.
You don dey inside condision wey make you:


- ↗ do kpokiripo or tins wey resemble am?
- ↗ wok (like house girl work, or baby nurse, factory wok or wok for place wey dem dey sell chop?
- ↗ beg, teif, or commit bad tins?grow, carry or deal drugs?
- ↗ plant, carri, or sell drug?
- ↗ comot organ from inside yor bodi come sell am to anoda pesin?
- ↗ Pay di moni wey you owe anoda pesin but moni no dey yor hand you come begin wok for di pesin or do oda tins to pay am back?
- ↗ Pesin dey wey dey give you or yor family palava?

If you answer "yes" to any of dis queshon dem, na im bi say you or yor friend dem fit bi pesin wey dem dey traffick.

Dis traffick of pesin na serious bad tin wey dey spoil pesin right. Find one profeshonal make you talk to am if dis tin dey worry you for mind, make dem for stop am, and make oda small pikin dem no suffer am.

- ↗ Dis yor social woker go set plan for you about how to care for you well and im go talk about am wit you. Na di place wey you dey for UK na im go let dem know how dey go take find you pesin wey go stand like mama or papa for you or fight for you na im go explain everi tin to you and help fight for yor right dem.

- ↗ Dem go give you place to stay, but na difrent place for difrent pesin no bi di same tin. Make you tell yor social woker di kind tins wey you like.



DI TINS ABOUT COURT



# LAWYA DEM

Inside UK here, e get some condishon wey fit give you right to get free lawya and:

- If you ask for asylum, dis na when you ask di govment make im pity you be-cos of yor suffer suffer, come give you paper to begin live for dem country patapata.
- If dem tink say e bi like say pesin bring you enter dis countri begin use you and collect moni for yor head
- If dem tink say di age wey you tell dem get as e bi
- If dem catch you becos you do bad tin.

You fit ask yor social woker, pesin wey stand for you/ di pesin wey dey fight for you or charity woker make dem help you find lawya

ABOUT IMIGRASHON

If na from anoda countri you from come, you fit need permishon from Home office peple to stay dia.If na so, e mean say you go fit ask for di asylum, na im bi di help wey dem dey do for pesin wey don suffer suffer, or paper to take stay for inside UK. E go beta may you talk to social woker or lawya about di difrent difrent ways you fit follow to stay.

But no forget say, even if you neva get paper sef dem go stil gree make you still dey chop di enjoyment wey dey from di office of di peple wey dey care for smal smal pikin dem.



You fit do dis paper wey dem dey call asylum, just ask yor social woker or imigrashon lawya make dem help you yor age no mata. Dis tin no easy and e dey tay well well, but make you no let fear catch you, if you get queshon make you dey ask and no yor right dem.

Dem no dey let smal pikin stay inside cell becos of immigrashon mata for UK here.

# HOW TO CHEK PESIN AGE

Make you see say you talk to yor lawya, pesin wey stand for you or di one wey dey fight for you make dem for help you.

If e bi say you no get paper to show yor age, or di paper wey you show dem come get as e bi, dem fit come find as dem go chek yor real age.



# TO GO SCHOOL


You get right to go free school and you no go pay moni, yor social woker na im go help you wok am.



# HEALTH AND BODI

You get right to go see doctor FREE and get free care for any hospital. Make you ask yor social woker about how you fit get am.





Na wetin dis difrent office dem dey do?

↗ Dem bi compani wey dia wok na to help peple wey need help, but no bi govment get dem sha. You yor sef fit go meet dem or you fit ask profeshonal make dem help you find beta compani wey fit help you.

Na wich kind tin dem fit do for you sef?

↗ Dem fit give you plenti help like group wey you fit join, peple wey fit fight for you, tish you how to spek beta English, etc

Why you must try dem?

↗ Becos dem go do beta wok to take help you and dem sabi about yor right well well.



# DIS NA DI PHONE NUMBA OF DIFRENT DIFRENT COMPANI DEM WEY DEY HELP PESIN (NO BI EMERGENCI SHA)

BARNARDO'S

0207 700 2253
(9am-5pm)

ECPAT UK

0207 607 2136
(9am-5pm)

www.ecpat.org.uk

CORAM CHILDREN'S LEGAL CENTRE

0207 636 8505
(Tuesday-Thursday 10am-4pm)

THE CHILDREN'S SOCIETY

0208 221 8200
(9am-5pm)

NSPCC CHILD TRAFFICKING ADVICE CENTRE

020 3772 9513

# INFO-CONTACTS



INFO-CONTACTS

Imprimé par Air France/Printed by Air France

HTTP://GRAPHISTE-SITEWEB.COM

Na di European Union peple put money down take make dis book for yor hand. All di tins wey dem write put inside na ECPAT France and im peple for ReACT project like : ECPAT Belgium, ECPAT Germany, ECPAT Netherlands and ECPAT UK get am, but no bi say na from European Union mouth di tins from comot.

